

SYUKUR HUBBUL WATHAN

الحمد لله الذي كتب للشهداء أعلى الجنان، وللمدافعين عن أوطانهم النصر والرضوان، وأشهد أن لا إله إلا الله وحده لا شريك له، وأشهد أن سيدنا ونبينا محمدا عبد الله ورسوله، اللهم صل وسلم وبارك على سيدنا ونبينا محمد وعلى آله وصحبه أجمعين، وعلى من تبعهم بإحسان إلى يوم الدين.

أما بعد: فأوصيكم عباد الله ونفسي بتقوى الله، قال تعالى: (يا أيها الذين آمنوا اصبروا وصابروا ورابطوا واتقوا الله لعلكم تفلحون). صدق الله العظيم.

Jama'ah shalat Jum'at hafizhakumuLlaah,

Ngawiti khutbah menika, mangga kita sareng-sareng ningali awak kita kanti niat ningkataken taqwa kita dateng Gusti Allaah. Taqwa tegesipun nindaaken sedaya dawuh Gusti Allaah lan nebihi sedaya awisanipun.

Ningkataken taqwa kedah dipun dasari rumaos bilih kita tansah pinaringan nikmat lan kanugerahan ingkang ageng sanget saking Gusti Allaah. Nikmat lan kanugerahan punika terus tambah nalika kita estu-estu waget syukur serta ngulinaaken lisan kita ngucap *AlhamduliLlaahi Rabbil 'aalamiin*.

Jama'ah shalat Jum'at hafizhakumuLlaah,

Ing antawisipun nikmat saking Gusti Allaah inggih punika raos aman lan nyaman, eca lan sekeca. Raos aman lan nyaman, eca lan sekeca katitik kita diparingi cekap sandang, pangan, papan tuwin sederek, tangga lan rencang ugi lantaran negara lan bangsa ingkang merdeka. Minangka warga negara, kita kaparingan hak keamanan, pendidikan, pelayanan umum lan lintu-lintunipun. Sedaya nikmat menika kedah kita syukuri keranten tanpa nikmat kasebat kita boten waget nindaaken ngibadah kanti merdeka.

Kahanan merdeka dados jalaran kita saget kanti gampil ngelaksanaaken syi'ar Islam lan nerasaken dakwah Islam ingkang tegesipun nyelametaken, boten namung nyelametaken awak kita piyambak-piyambak nanging ugi nyelametaken masyarakat saking kekufuran; kufur aqidah tuwin kufur nikmat. Ningali sejarah, sejatosipun kamardikan negari kita lan kemanananipun dumugi kasunyatan saat menika, Indonesia dipun landasi Kapengeranan lan Kamanungsan (Pancasila) ingkang kita jalaran jasa Para Pahlawan, milai saking Ulama, Para Satria tuwin sedaya warga Bangsa Indonesia.

Para Pahlawan kita berjuang ngantos nggetih merjuangaken lan nglestantunaken Negara Kesatuan Republik Indonesia (NKRI) hingga kados ingkang kita raosaken menika. Boten wonten perjuangan ingkang nuwuhaken hasil sampurna kados perjuanganipun Kanjeng Nabi Muhammad *shallaLlaahu 'alaihi wasallam* ingkang ngantos sakmenika dereng rampung. Minangka warga bangsa, perjuangan ingkang kedah dipun laksanaaken inggih punika ngisi kamardikan saksahesahehnipun ing babagan punapa kemawon; pendidikan, sosial budaya, politik lan ekonomi; boten kanti ngrubah lan ngrisak Pemerintahan Negara ingkang sampun dipun mufakati.

Jama'ah shalat Jum'at hafizhakumuLlaah,

Para Syahid ingkang wafat merjuangaken Indonesia sampun marisaken tulada bilih Trisna dateng Agami lan Trisna dateng Negari langkung awis tinimbang trisna dateng dunya sakisinipun;

حب الوطن من الإيمان

"Trisna dateng Negari bagian saking Iman"

Dangu sakderengipun Hadratussyaikh KH. Hasyim Asy'ari lan para pejuang sanesipun, Kanjeng Nabi Muhammad *shallaLlaahu 'alaihi wasallam* sampun maringi tulada perjuangan

ingkang sami kanti ambangun dasar negari ingkang anjalari raketipun bangsa lan dipun wastani ميثاق المدينة utawi Piagam Madinah.

Hal menika ing antawisipun keranten trisnanipun Kanjeng Nabi Muhammad *shallaLlaahu 'alaihi wasallam* dateng negari lan bangsanipun, kados ingkang dawuhipun ingkang dipun riwayataken dening Sahabat Ibnu 'Abbas *radhiyaLlaahu 'anhu*:

ما أطيبك من بلدة وأحبك إلى، ولو لأن قومي أخرجوني منك، ما سكنت غيرك

Artosipun: "Sahe sanget Panjenengan (Makkah) minangka negari, lan Panjenengan minangka negari ingkang paling kula trisnani. Menawi kaum kula boten ngusir kula saking Panjenengan, mangka kula boten manggen ing negari saklintonipun Panjenengan." (HR. Ibnu Hibban).

Jama'ah shalat Jum'at hafizhakumuLlaah,

Kangge upaya mujudaken masyarakat ingkang ngugemi adab, Kanjeng Nabi Muhammad *shallaLlaahu 'alaihi wasallam* minangka pemimpin agami tuwin negari ngecakaken tatanan bangsa lan negari adedasar tuntunan saking Gusti Allaah *Subhaanahu wa Ta'alaa*. Syariat Islam ngatur syarat-syarat dados pemimpin lan perkawis-perkawis ingkang dipun tegakaken kangee mujudaken *maslahat* utawi kesahenan dunya lan akhirat, boten ngatur kados pundi gantosipun pemimpin lan *bentuk pemerintahan*. Hal menika ketawis ing kados pundi gantosipun pemimpin lan *bentuk pemerintahan* Khulafaur Rasyidin milai saking Khalifah Sayyidunaa Abu Bakr As-Shiddiq dumugi Khalifah Sayyidinaa 'Ali bin Abi Thalib.

Dumugi mlebet zaman dinasti utawi kerajaan nalika Khalifah Mu'awiyah ngantos runtuhipun Dinasti Turki Utsmani lan dipun susul wontenipun *Negara Bangsa* utawi *nation state* keranten ewetipun ngempalaken wilayah-wilayah muslim ing setunggal *kepemimpinan*, wondene pakulinan perang lan rebutan kuasa kedah dirampungi keranten boten ngiataken *perdamaian* lan saben-saben ingkang sama rebutan kuasa boten wonten ingkang kawon lan boten wonten ingkang menang.

Langkung-langkung ing zaman *modern* menika, saben-saben negari nggadahi cara utawi *teknologi pertahanan* ingkang benten kalian sakderengipun, malah kathah negari ingkang gadah *senjata pemusnah massal* utawi ingkang aran *nuklir* ingkang menawi diginaaken waget njalari runtuhipun menungsa lan sedaya perkawis ingkang wonten.

Saksampunipun Turki Utsmani runtuh, para 'Aliim Fiqh (*Fuqaha'*) mufakat bilih gantosipun pemimpin ing saben *wilayah* utawi negari tanpa diatur dening setunggal *kepemimpinan dunia*. Semanten ugi Para 'Aliim ingkang ngedekaken NKRI. Mujudaken *perdamaian* dipun kiataken dening mufakatipun bangsa-bangsa ngicalaken wontenipun budak ing bumi pundi kemawon. Senajan mekaten, babagan budak ingkang ugi wonten ing sebagian kitab-kitab *turats* utawi *Kitab Kuning* ing zaman *khalifah* boten sami kalian *tradisi keilmuan* para 'aliim ingkang malah ngiataken pemanggih bilih *politik kekuasaan* boten estu ngrampungi sedaya masalah.

Hal menika waget dipun pirsani ing kitab *Fathul Mu'in* babagan *Jihad* anggitan ulama India, Syaikh Zainuddin Al-Malibari ingkang suraosipun boten ngrumiyinaken jihad perang ngelawan tiyang kafir, nanging ngrumiyinaken ikhtiar ing babagan *thalabul 'ilmi* kados nglestantunaken madrasah, majlis ta'lim,,sekolah, mbela tiyang alit lan *mazhlum*, nggiataken *amr ma'ruf nahi munkar*, lan saktersipun. Para 'aliim kagungan pemanggih bilih *jihad* sanes "*kewajiban tujuan/ghaayah*", nanging "*kewajiban perantara/wasilah*" kados dene bilih perang menika ingkang dipun tuju inggih punika "*hidayah*".

Menawi ngaturaken dalil kasebat ing nginggil menika waget dados lantaran pikantuk *hidayah* mila dalil menika langkung utami tinimbang *jihad* utawi perang. Walisongo ing tanah Jawi sampun maringi tulada dakwah ingkang estu dados jalanan *hidayah* utawi *syahadatipun* tiyang-tiyang hingga Indonesia dados negari muslim paling ageng sak ngalam dunya. Mila, Indonesia kanti dados pemerintahan negari kados sakmenika minangka lantaran (*wasilah*)

dumugeaken *hidayah* kados dene kerajaan ingkang werni-werni corakipun nalika zaman *khalifah* ingkang ugi dados lantaran (*wasilah*), sanes tujuan (*ghayah*).

Jama'ah shalat Jum'at hafizhakumuLlaah,

Trisna dateng negari (*hubbul wathan*) menika boten dados *fanatisme* golongan utawi '*ashabiyah/ta'asshub* kados ingkang dilampahi dening bangsa-bangsa zaman *jahiliyah*. *Hubbul Wathan* inggih punika kados pundi perlunipun menungsa nggadahi panggenan ingkang ece sekeca, aman lan ayem tentrem. Menawi masyarakat ngraosaken eca sekeca, aman lan ayem tentrem mangka *pendidikan* bade majeng sahe. Sakwalikipun, menawi masyarakat ngraosaken boten aman lan ayem tentrem, *pendidikan* boten bade majeng kanti sahe.

Pendidikan ingkang leres lan sahe dados jalaran gumregahipun umat menungsa tanpa ningali kados pundi *bentuk pemerintahan negari-nipun*; bade *kerajaan,dinasti* utawi *republik* sami mawon. *Pendidikan* njalari pinten-pnten perkawis; *politik, hukum tuwin ekonomi*. *Pendidikan* Islam ingkang leres lan sahe dipun dukung dening *persatuan (ko-eksistensi)* antawisipun para warga negari kanti payung NKRI, mila bade nuwuhaken kemajengan kangge Bangsa Indonesia samangkikh.

Al-Qur'an Al-Kariim sampun ngemutaken pentingipun *persatuan* kanti payung agami, kalebet ing hal menika nun inggih mufakatipun para 'aliim lan pejuang bangsa Indonesia kados ingkang dipun dawuhaken ing Al-Qur'an:

واعتصموا بحبل الله جميعاً ولا تفرقوا واذكروا نعمة الله عليكم إذ كنتم أعداء فألف بين قلوبكم فأصبحتم بنعمته
إخواناً وكنتم على شفا حفرة من النار فأنقذكم منها كذلك يبين الله لكم آياته لعلكم تهتدون.

Artosipun: Tetanggenana sira kabeh kanti tali (agama) Allaah lan aja pada pisah-pisah, lan elinga nikmat Allaah kanggo sira kabeh nalika biyen (zaman jahiliyah) pada musuhan, nuli Allaah nepungake ati atimu mangka sira kabeh dadi kanti nikmat Allaah pada seduluran; lan sira wis pada ana ing pinggire jurang neraka, nuli Allaah nyelametake sira kabeh saking neraka. Mengkono iku Allaah nerangake ayat-ayate kanggo sira kabeh, supaya sira kabeh oleh pituduh. (QS. Ali Imron: 103).

Mekaten khutbah ingkang waget kula aturaken. Mugi dados ilmu ingkang manfaat lan kita sedaya pinaringan *ridha* lan *taufiq* saking ngarsa Allaah *Subhaanahu wa Ta'alaa* ing dalem ngiataken *syi'ar* agama Islam kanti *semangat persatuan* lan *kesatuan* NKRI ingkang kita trisnani. *Aamiin ya Rabbal 'alamiin.*

نفعني الله وإياكم بالقرآن العظيم وبسنة نبيه الكريم صلى الله عليه وسلم. أقول قولي هذا واستغفر لله لي ولكلم،
فاستغفروه إنه هو الغفور الرحيم.